


KWAPE PWOPAGASYON AN

ETAP SILA YO KA KWAPE PWOPAGASYON COVID-19 LA



- Limite kontak fizik ak entèraksyon youn ak lòt. **Pa** anbrase oswa pa bay lamèn. Lè sa posib, rete **6 pye distans** youn ak lòt.

- **Kouvri nen w ak bouch** ou ak yon mas an twal.

- Sèvi ak yon napkin/mouchwa pou w kouvri bouch ou ak nen ou lè w ap touse oswa estènen epi jete l nan yon poubèl ki ka fèmen ak yon kouvèti.



- **LAVE MEN W** byen ak savon ak dlo pandan 20 segonn lè w sot nan twalèt, anvan epi aprè w finn fè manje, lè w finn estènen oswa touse nan yon mouchwa, anvan ou kite lakay ou, epi touswit lè w rantre lakay ou.



- **PA MANYEN** je w, nen w ak bouch ou pandan jounen an.

- **Pa** pataje afè pèsònèl ou: telefòn selilè, asyèt, vè wap bwè dlo, gode, kiyè/ fouchèt, sèvyèt ak dra.

- **Pa** pataje zouti oswa ekipman pou w al fè rekòt.

- Twalèt ak kote pou w lave men w dwe netwaje epi dezenfekte chak jou. Si se pa sa, enfòm/avèti touswit sipèvizè ou.

- Omwen yon fwa pa jou netwaje epi dezenfekte telefòn selilè, rimòt kontwòl, kontwa, tab, manch pòt, akseswa nan twalèt yo, twalèt, klavye, tablèt epi ti tab bò kabann yo.

- Avèti sipèvizè w touswit si w santi kò w pa bon oswa si w gen sentòm.

PA kite kote ou rete a epi **PA** ale nan espas piblik.

UF Health Depiste, Teste & Pwoteje.

Depiste. Teste. Pwoteje.

Aprann plis bagay sou Coronavirus. [UFHealth.org](https://www.UFHealth.org)

Al kay doktè si w gen sentòm COVID-19 yo*



Tous ki pa janm fini



Lafyè: 100.4+



Ou pèdi gou bouch ou oswa ou paka pran sant



Kò fè mal/ Tèt fè mal



Souf kout



Gòj fè mal

*Gen Lòt sentòm tou tankou frison, dyare oswa ou santi w pa byen nan nenpòt ki lòt fason.

Ki kote ou ka al fè tès COVID-19 nan Konte Broward

- Vizite www.broward.org/CoronaVirus/Pages/Collection-Sites.aspx pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo sou kote wap ka al fè tès COVID-19
- Rele 954-412-7300 pou enfòmasyon sou COVID-19

Netwaye epi dezenfekte lakay ou. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/disinfecting-your-home.html>

Pran swen youn moun ki malad nan kay la. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/care-for-someone.html>

Jwenn enfòmasyon sou kowona viris. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Depatman Sante nan Florid. <http://www.floridahealth.gov>